

## KONGRÈ 40yèm Anivèsè MPP

Sòti 17 pou rive 22 Mas 2013

### DEKLARASYON FINAL.

1 – Pou kòmanse.

1.1 – Kontèks entènasyonal la.

Lonnè respè pou 1875 delege ak envite ki soti nan 10 depatman ak plizyè delegasyon Karayib, Amerik Sid, Amerik Nò ak Lewòp. Nou te chita manje bwè ansanm, reflechi ansanm sou reyalite Planèt la ak reyallite peyi Ayiti.

Analiz reyalite a bay kè sote paske nou anfas yon pwojè lanmò ki menase LAVI sou planèt la. Pwojè lanmò sa, se yon pwojè miltinasyonal yo ap ekzekite. Pwojè lanmò sa makònen ak echèk politik neyoliberal la ki pwovoke kriz sou kriz : Kriz ekonomik, kriz enèjetik, kriz finansyè, kriz alimentè. Se sistèm kapitalism lan ansanm ak tout sivilizasyon oksidantal la ki tonbe an kriz.

Pou chèche solisyon a echèk sistèm kapitalis la, ideyolòk li yo vini ak yon nouvo fòm ekonomi neyo liberal yo bay non EKONOMI VÈT. Pwojè ekonomi vèt la, se yon pwojè ki vize transfòmè tout resous natirèl sou planèt la an machandiz. Yap òganize yon lòt piyay nan peyi sistèm esklavajis la ak sistèm kapitalis la te déjà fè pòv.

Miltinasyonal yo benefisyè konplisite gouvènman, palman ak boujwazi anti nasyonal peyi yo fè pòv yo pou fè dappiyanp sou resous natirèl yo tankou : Tè, Dlo, Forè, Semans, richès anba tè tankou lò, petwòl ak tout lòt min ki genyen andedan vant tè a.

Gwo peyi aloufa yo mete ak miltinasyonal lakay yo pou touye agrikilti peyizan yo kap pwodwi manje ki sen, manje ki bay LAVI ni pou fanmiy peyizan yo, ni pou konsomatè nan vil yo. Agrikilti peyizan yo se yon agrikilti ki respekte lavi moun, respekte anviwònman, respekte Dwa latè manman nou, respekte dwa jenerasyon demen yo pou yo jwenn tè kap pwodwi manje ki sen, manje ki bay LAVI.

Peyi aloufa yo ak miltinasyonal lakay yo ap pwonnen agrikilti endistriyèl. Yon agrikilti ki genyen kòm wòl, fè gwo kapitalis yo fè kòb. Sa ki enpòtan se pa lavi. Agrikilti endistriyèl pa gen vokasyon bay moun manje pou viv. Misyon agrikilti sa se fè lajan. Se yon agrikilti osèvi kapital, pa osèvis moun.

Malgre anpil manje ap pouri nan depo peyi rich yo grangou p fè ravaj sou tè a. Plis pase 40 milyon moun mouri anba grangou chak ane. FAO, depi ane 2000 te pale de 840 milyon moun ki anba grangou sou planèt la. Nan sa yo rele objektif milinè yo, yo di yo tapral koupe kantite moun grangou sa yo ren pou ren an 2015. An 2013, genyen 1 milya 200 milyon moun ki anba grangou malouk sou tè a.

Modèl agrikilti endistriyèl la malgre li detri sòl yo, anpwazone dlo, anpwazone lè, anpwazone lasante moun pap janm rive rezoud gwo vyolasyon dwa moun sa yo rele grangou a. ONI rekonèt sa atravè

diskou rapòtè espesyal li pou agrikilti Olivier de Shutter. Pwofesè de Shutter ekri : Se sèl agrikilti familyal ak metòd pwodiksyon agwo ekolojik ki kapab rezoud pwoblèm grangou a. Sa yo rele kriz alimantè a, se espekilasyon pwodwi agrikòl yo ki kreye li pou kapitalis yo fè lajan.

Pwojè ekonomi vèt ou kapitalism vèt la, vle fè tout byen komen yo tounen machandiz : Tè, dlo, semans, manje aloske bagay sa yo se sous LAVI. Yo fèt pou rete anba jesyon peyizan yo kòm byen komen osèvis Limanite. Genyen preske 40% popilasyon mondyal ki viv nan sektè peyizan an. Se agrikilti peyizan sa yo kap rezoud pwoblèm grangou a ak pwoblèm kriz klimatik la.

Jodya, toupatou sou planèt la, yap fè dappiyanp sou tè pou pwodwi agwo kabiran pou nourri machin pandan moun ap mouri grangou ; yo plonje sou tè agrikòl pou mete zòn franch ; Yo plonje sou forè yo pou fè miltinasyonal yo fè lajan nan kòmès kabòn pandan yap detri planèt la ; yo plonje sou zile yo pou mete kanpe gwo pwojè touris ; yo plonje sou tè yo pou yal piye min tankou lò ak lòt metal ra, pou yo piye petwòl elatraye.

Nan anpil peyi nan Afrik, Azi, Amerik, e menm Lewòp gen dappiyanb kap fèt sou tè. Deja genyen plis pase 100 milya dola ki investi nan dappiyanp sou tè. Anpil kote, se ak zam yo mete peyizan yo deyò sou tè agrikòl yo, nan forè ki tap ba yo lavi pou remèt yo bay miltinasyonal. Bagay sa yo mache ak militarizasyon kap vale teren toupatou.

Zafè ekspwatasyon min espesyalman lò, se yon bagay kap fè anpil dega nan anpil peyi sou planèt la. Anpil peyi nan Amerik latin ak Karayib la anba ponyèt miltinasyonal machann lanmò peyi Etazini ak Kanada.

Yo itilize yon pwodwi chimik yo rele Siani (cyanure), yon pwazon vyolan, yon pwazon mòtèl yo sèvi ak li pou rale lò a nan vant tè a. Pwodwi sa se yon pwodwi kriminèl kap detri lavi moun, lavi bèt yo, lavi plant yo, lavi nan tè a. Pwodwi sa bay tout kalite maladi. Li touye gran moun tankou ti moun, li detri tout bagay li rankontre sou pasaj li.

## 1.2 – Kontèks nasyonal la.

Sa kap pase nan peyi Dayiti mare dirèkteman ak kontèks entènasyonal la. Sèl diferans, Peyi a anba yon okipasyon militè entènasyonal ki ogmante malè peyi a, pami malè sa yo, nou jwenn Kolera ak vyòl. Peyi a te toujou anba ekspwatasyon sistèm kapitalis la. Men, depi tranbleman tè a, gen yon vitès ki pase nan dappiyanp kap fèt sou peyi a. Peyi a tonbe tankou yon bèf. Miltinasyonal yo ap kouri pran pi gwo moso posib. Genyen Ayisyen ki mare sosis ak yo kont enterè nasyon an.

Miltinasyonal vare sou peyi a. Yap fè dappiyanp sou tè pou fè zòn franch, pou plante jatrofa, pou fè gwo pwojè touris. Kou pou touye tout koukou a, se zafè ekspwatasyon lò ki blayi sou peyi a. Genyen plizyè kontra yo di ki siyen anba chal pou vin piye lò peyi a ak tout lòt resous minyè ki mache ak lò a menm lè yo pa pale de sa . Kontra sa yo, se tande pèp la tande yo. MINISTA la pou defann enterè kapital etranje nan peyi a.

Aprè tranbleman tè 12 Janvyè 2010 la, genyen anpil milya ki antre nan peyi a nan non viktim yo. Nou konnen tranbleman tè a kreye anpil nouvo milyonnè. Genyen rechèch ki montre, nan tout èd peyi a

swadizan resevwa yo, se 0.05 % ki ale nan pwodiksyon agrikòl. Yo vle elimine agrikilti peyizan yo. Yo vle elimine klas peyizan an. Yo vle fè peyizan yo tounen esklav nan zòn franch, nan faktori oubyen al gonfle bidonvil nan gran vil yo.

Gouvènman apre gouvènman, pa janm gen yonn ki deside atake pwoblèm pwodiksyon manje a tout bon vre. Yo pa janm vle poze pwoblèm tè a. Jodya yap pale de refòm fonsyè pou fasilite miltinasyonal yo ak gwo zouzoun vin fè dappiyanp sou tè peyi a.

Gen pawòl pwodiksyon nasyonal ki toujou ap pale. Pandan tan sa, 60% manje nap manje soti nan peyi etranje alòske nan ane 70 yo peyi a te gran moun nan zafè manje li. Se aplikasyon politik neyoliberal la ki vin touye pwodiksyon nasyonal la. Jodya, nou enpòte anviwon 350 mil tòn diri sou 450 mil tòn nou manje chak ane. Nou abandone abitud alimantè nou yo nan manje manje sinistre, manje manje pèpè ki fè maladi nou pa te janm konnen, maladi modèn yo ap ravaje Lavi nou.

Si te gen yon moman Ayiti te pwodwi 40% sik onivo mondyal, jodya, se enpòte nou enpòte sik. Nou te pwodwi 25% kafe onivo mondyal, jodya, nou pa nan lis peyi ekspòtatè kafe ankò. Agrikilti a sou lagraba nèt. Ata militon, sitwon, kokoye se lakay vwazen nou achte yo. Se plis pase 360 milyon ze ak 30 milyon pou l pèpè nou achte Lakay vwazen chak ane.

Nan konplo rekolonizasyon an, yo bay boujwazi dominiken an yon wòl pou jwe. Gen gwo sosis ki mare sou do peyi a ant enperyalis meriken an ak yon sekte boujwa nan Sendomeng depi tranbleman tè a. Zafè pwodwi kouran lòt bò fwontyè a pou vann Ayiti a, yon pwojè pou rann nou pi restavèk, antre nan pwojè makawon sa.

Gouvènman ki anplas la, pale anpil sou agrikilti. Men jis konnya, nou menm òganizasyon peyizan yo, nou pa konnen ki politik pwodiksyon agrikòl gouvènman sa genyen. Si li gen yonn, li mare ak politik : Haiti is open for business. Ayiti pa louvri pou agrikilti peyizan yo. Li louvri pou vin touye peyizan yo ak tout mòd agrikilti ki kenbe peyi depi plis pase 2 syèk.

Leta peyi Dayiti ap kore modèl agrikilti endistriyèl la kont agrikilti peyizan yo ki se sèl mwayen pou pwodwi manje pou nourri planèt la epi refwadi li an menm tan paske se agrikilti endistriyèl la ki prensipal kòz rechòfman klimatik la. An total, chèn pwodiksyon agrikilti sa responsab pou plis pase 50% gaz ki pwovoke rechòfman klima a. Agrikilti endistriyèl la responsab maladi twò gra : Obezite kap ravaje sante moun nan peyi tankou Etazini ki fè miltinasyonal medikaman yo ap reyalize milya sou milya. Mòd agrikilti ak mòd konsomasyon peyi rich yo, se sa kap detri planèt la.

Peyi a anba yon ensekirite kwonik, yon enstabilite politik kalkile, yon grangou klowòks kap koupe trip majorite popilasyon an, espesyalman peyizan yo. Fèzè nat blije kouche atè. Pouvwa anplas la montre klè li pa vle eleksyon demokratik. Li pito ap prepare yon eleksyon pèpè, yon eleksyon fo mamit. Tout demagoji ki genyen nan monte yon konsèy elektoral pwovizwa kote yo pase ni òganizasyon peyizan yo, ni òganizasyon fanm yo nan betiz nan palman an antre nan pwojè eleksyon pèpè sa.

Afè anviwònman an se yon veritab katastròf. Nou koupe 50 milyon pye bwa chak ane. Nou genyen plis pase 35 milyon mèt kib tè ki ale konble lanmè, peyi a ap naje anba malè san pran souf. Lè se pa sechrès, se inondasyon.

Avèk 1.25% kouvèti vejetal, peyi a frajil tankou yon ze kouve. Gen anpil pale sou zafè anviwònman, sou plante pye bwa. Men pa gen okenn dispozisyon reyèl ki pran pou atèri bèl pawòl sa : Yon ayisyen yo pye bwa. Sa nou wè anba je nou pito, se achte gwo machin, fè anpil vwayaj sou do kès leta, fè kanaval, fè kòripsyon, fasilite kòripsyon elatriye.

Se yon konsta malouk kongrè a rive fè sou sitiyasyon peyi a. Yon konsta ki bay latranblad. Yon koze ki mande pou tout patriyòt angaje yo nan yon mobilizasyon patriyotik san pèdi tan paske pi ta kapab pi tris.

## 2 – MPP di NON A PWOJÈ LANMÒ SEKTÈ PEYIZAN, NON A REKOLONIZASYON PEYI A.

Devan pwojè lanmò sa, devan tout malè ki pandye sou tèt peyi a, Kongrè MPP a mande Leta Ayisyen prese prese pou li ta mennen aksyon sa yo :

- Kanpe tout kontra eksplwatasyon min ki siyen sou do peyi a. Tan se lò peyi a ki pou lakòz gwo konpayi miltinasyon vin touye popilasyon an, detri tè peyi a, detri ti pye bwa nou rete yo, fini agrikilti peyizan yo, PITO LÒ A RETE NAN VANT TÈ A.
- Nou mande Palman Ayisyen an pou pran yon lwa prese prese ki entèdi itilizasyon siani ( cyanure) sou tout tèritwa peyi Dayiti. Pwazon vyolan sa pral disparèt peyi a. Genyen peyi ki déjà fè sa lakay yo.
- Fikse yon dèlè klè, yon dèlè kout ak ONI pou Minista rache manyòk li, bay tè a blanch. ONI dwe dedomaje viktim kolera yo ak jèn ki sibi kadejak yo.
- Kanpe sou tout kontra eksplorasyon min nan peyi a jis genyen yon deba nasyon sou tout resous natirèl nou yo esepyalman resous minyè yo.
- Kanpe sou tout kontra, tout konsesyon zile nou yo bay miltinasyon pou fè gwo pwojè touristik. Nou mande fè limyè sou koze kap pale sou Lilavach, Lagonav, Latòti.
- Fè Limyè sou fouy kap fèt nan sousòl peyi a depi kèk tan nan Lamyèl (Plato Santral), Sen Michèl de Latalay nan Latibonit, nan Bè de Èn, Mòl Sen Nikola Nòdwès, Lenbe Nan Nò, Monben kwochi nan Nòdès, Lilavach ( Nan Sid) ets.
- Kanpe sou pwopozisyon lwa ki prezante nan Palman an pou koupe tèritwa peyi a an myèt moso. 10 depatman nan yon ti peyi tankou Ayiti déjà anpil pou nou pa di twòp. Nou pa kapab diminye yo men yo pa dwe ogmante pou pèmèt plis nèg ak nègès al senatè, depite, majistra, KASEK pou souse san yon bidjè ki pa gen san deja. Yon senatè se deja yon chay ki lou sou do pèp la.
- Bloke pwojè bank mondyal genyen pou mete yon ensineratè pou brile fatra nan Pòtoprens paske sa pral detri anviwònman an, pote anpil maladi nan kò popilasyon an.
- Bloke pwojè pou Dominikani pwodwi kouran lòtchè fwontyè vin vann Ayiti. Sa se yon pwojè pou fè peyi a vin pi restavèk. Yon pwojè lawont.
- Fè pwojè refòm fonsyè nou tande kap pale a tounen yon pwojè refòm agrè entegral dekwa pou tout tè agrikòl yo antre nan men peyizan kap travay tè, pou fanm ak gason kap travay tè jwenn

kredi, jwenn asistans teknik, jwenn mache garanti pou pwodwi agrikòl yo. Baryè dwon peyi a dwe moute pi wo pou pwoteje pwodwi lokal yo.

- Bloke enpòtasyon etanòl kap kraze pwodiksyon kann nan peyi a epi kap touye moun nan popilasyon an.
- Kanpe sou tout pwojè fè peyizan peye taks sou tè Leta, peye taks nan mache andeyò yo, ogmante taks sou papyè bèt yo, sou otorizasyon pout ere kadav peyizan yo, taks ougan yo dwe peye paske taks sa yo pa itil sektè peyizan an anyen. Se nan pòch yon seri piyajè yo antre.
- Sispann fè manèv pou kreye yon konsèy Elektoral ki mare nan pye pouvwa Ekzekitif, pouvwa Lejislatif ak Kominote entènasyonal pou fè eleksyon pèpè. Fòk eleksyon tounen zafè pèp ayisyen an. Lajan pou eleksyon dwe prevwa nan bidjè nasyonal peyi a.
- Mete kanpe yon sistèm vòt elektwonik pou redwi kòken kap fèt nan eleksyon yo.

### 3 – KI SA KAP FÈT, KI SA KI DWE FÈT, KI SA NOU DESIDE FÈ NAN SEKTÈ PEYIZAN AN APRE KONGRÈ 40yèm MPP A

Genyen plizyè dokiman nou pwodwi, dokiman nou ratifye nan kongrè a. Yo trase anpil wout nou dwe swiv nan 10 ane kap vini yo. Pami pakèt desizyon nou pran yo, me kèk nap site :

- Elimine tout divizyon andedan òganizasyon peyizan yo pou nou sispann jwe jwèt lenmi nou yo.
- Ranfòse òganizasyon nou yo. Fòme tèt nou. Makònen fòs nou andedan yon pwosesis mobilizasyon san pran souf pou sektè majorite nan peyi a jwenn plas li andedan peyi a. Nou pral travay pou nou sispann moun andeyò.
- Nou pran angajman pou nou rete soude yonn ak lòt pou bay ekzanp yon sosyete ki chita sou solidarite. Nou deside solidè yonn ak lòt nan tout pwoblèm lavi a. Nou deside pou pa gen trayizon antre nou. Nap travay pou zòt sispann lote nou tankou patat. Nou pap kite politisyen do kale sèvi ak nou ankò.
- Nou deside angaje nou nan lit pou bati yon lòt mòd Leta ki chita sou sivilizasyon peyizan yo, sèl sivilizasyon ki kapab sove planèt la. Nap travay pou fè vanse yon pwojè peyizan ki chita sou sivilizasyon peyizan yo.
- Nou deside pou MPP pran inisyativ yon mouvman patriyotik nasyonal kap rasanble tout sektè ki vle pote kole ak pwojè peyizan an pou libere Ayiti.
- Nou deside pote kole nan yon mobilizasyon manch long kont miltinasyonal agwo pwazon yo kap vòlè semans pèp yo, ki vle konvèti tout resous planèt la an machandiz.
- Nou deside lite san pran souf pou vyolans sou fanm kaba sou tout fòm nan sosyete a.
- Nou deside lite pou jèn nou yo jwenn chans pou yo etidye, pou yo jwenn fòmasyon politik ak ideyolojik pou yo okipe espas ni andedan òganizasyon yo ni andedan sosyete a sitou nan mòd pouvwa pwojè peyizan an dwe tabli nan peyi a.

### 4 – KÈK BAGAY NOU PRAL TRAVAY SOU YO RAPIDO PRESTO.

- Tout delege kongrè a rekonèt sitiwayon anviwònman peyi a gravman grav. Nou vle pote kole tout bon nan refè ak pwoteje anviwònman peyi a nan fè konsèvasyon sòl ak rebwazman. Fòk Leta envesti 10% nan bidjè li pou pwoteksyon anviwònman. MPP ak lòt òganizasyon peyizan yo

pare pou kapab pwodwi omwens 100 000 pye bwa nan chak seksyon kominal. Sa pral fè plis pase 56 milyon pye bwa kap plante chak ane. Chak Ayisyen, 5 pye bwa.

- Nou pral bay ladrès peyizan yo pwodwi manje natif natal plis valè. Nou pral defann, nou pral fè pwomosyon agrikilti peyizan yo ki chita sou metòd agwo ekolojik. Nou pral lite pou Leta mete resous nan agrikilti peyizan yo. 15% bidjè Leta dwe ale nan pwodiksyon manje natif natal kap fè peyi a tounen pran dwa grandèt majè li nan zafè manje. Fòk nou rejwenn souverennte alimantè peyi a.
- Nou pral mete kanpe yon pwogram alfabetizasyon sou pye pou tout peyizan kip a konn li yo rive aprann li ak ekri, espesyalman fanm peyizan kote ki genyen plis kip a konn li ak ekri. Nou bezwen konkou anpil sektè pou pwogram sa.
- Nou pral travay sou zafè refòm agrè a jis nou rive fè pase yon lwa nan palman an pou yon refòm agrè popilè, entegral ki kapab garanti souverennte alimantè peyi a.
- Nou pral fè yon kanpay enfòmasyon andedan sektè peyizan an, andedan tout sosyete a kont pwojè dappiyanp sou tè peyi a, kont pwojè eksplwatasyon min yo, kont itilizasyon Cyanure nan peyi Dayiti.
- Nou pral aprann nan eksperyans ki kòmanse fèt nan zafè eksplwatasyon lò ki kòmanse fè dega nan Dominikani. Men, kote òganizasyon yo kòmanse mobilize kont pwojè lanmò sa.

## 5 – APÈL PATRIYOTIK

Nou lanse yon apèl patriyotik a tout òganizasyon pwogresis, nasyonalis, anti enperyalis, anti kapitalis, kèlkeswa sektè yo ye vin makònen fòs yo ak nou kont pwojè rekolonizasyon peyi a.

Nou envite tout moun, tout sektè, tout òganizasyon politik ki vle travay ansanm ak nou pou fè pwojè sosyete peyizan an vanse, vin rejwenn nou prese prese nan yon mobilizasyon patriyotik pou Lebere Ayiti.

ABA MILTINASYONAL YO, ABA OKIBASYON, ABA AGRIKILTI ENDISTRIYÈL.

VIV SOUVERENNTE PEYI A, VIV AGRIKILTI PEYIZAN YO, VIV AGWO EKOLOJI.

ÒGANIZASYON OU LANMÒ.

Fèt nan Sant Lakay nan Papay, Vandredi 22 Mas 2013

Pou KONGRÈ 40yèm lan :